

**Eta New York – Komisyon Konpansasyon Travayè**  
**REKLAMASYON POU KONPANSASYON NAN YON KA LANMÒ**

N ap travay sou reklamasyon sa a pi vit si ou soumèt kopi dokiman ki nesèsè yo ba Komisyon an. Tache kopi dokiman ou gen nan men ou yo. Si ou pa genyen yo, chèche jwenn kopi yo pou pote yo nan premye odyans lan. PA PÈDI TAN pou ranpli fòm reklamasyon sa a. Men kèk dokiman ki nesèsè:

- a. **Yon rapò medikal doktè ki te trete moun ki mouri a.**
- b. **Sètifika lanmò.**
- c. **Dokiman ki pwouve relasyon ou, tankou batistè, papye maryaj, papye adopsyon, elatriye.**
- d. **Bòdwo antèman ki gen tout detay.**

NIMEWO DOSYE W.C.B. (si ou konnen li)	NIMEWO DOSYE ASIRANS	NIMEWO KÒD ASIRANS	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL MOUN KI MOURI A	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL MOUN KI MANDE KONPANSASYON AN	DAT AKSIDAN AN
NON			ADRÈS (Bay Nimewo Kay, Ri, Vil, Eta ak Kòd Postal)		Nimewo Apatman
<b>MOUN KI MOURI A</b>					
<b>NON TRAVAY</b>					
<b>ASIRANS</b>					
<b>MOUN KI MANDE KONPANSASYON</b>					Nimewo Apatman

**Mwen fè reklamasyon sa a anba Lwa sou Konpansasyon Travayè pou konpansasyon akòz lanmò moun ki mouri ki gen non li endike anwo a paske li te pran chòk nan travay patwon ki gen non li endike anwo a, epi pou sipòte reklamasyon sa a, soumèt enfòmasyon ki anba la yo:**

1. a. Moun nan te mouri nan dat \_\_\_\_\_ jou \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_\_ (Tache sètifika lanmò a, si ou genyen li).
- b. Kijan aksidan an oswa lanmò nan travay la te rive? (Bay yon deskripsyon konplè, pou endike si moun ki te pran chòk la te tonbe, si li te frape, elatriye, epi ki faktè oswa evènman ki te lakòz oswa ki te fè aksidan an rive)  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_
- c. Kote Aksidan an te fèt: \_\_\_\_\_
- d. Kalite chòk la ak pati (yo) kò a ki te pran chòk: \_\_\_\_\_

**Nòt: Tache yon rapò medikal, si ou genyen.**

2. DOKTÈ KI TE FÈ TRETMAN AN	Non	Adrès
3. DÈNYE DOKTÈ OSWA LOPITAL		
4. PONP FINÈB		
5. MOUN KI TE PEYE BÒDWO PONP FINÈB		

6. Kantite lajan Bòdwo Ponp Finèb la \$ \_\_\_\_\_ Kantite lajan ki peye, si genyen \$ \_\_\_\_\_ (Tache bòdwo antèman an, si ou genyen li).
7. Dat nesans moun ki mande konpansasyon an \_\_\_\_\_ 8. Sa moun nan ye pou moun ki mouri a \_\_\_\_\_
9. Èske moun ki mouri a te siviv gras ak yon madanm/mari ak/oswa timoun ki poko gen laj 18 tan oswa ki poko gen laj 23 ane, epi èske li te enskri ak ale nan yon enstitisyon edikasyon agreye kòm elèv atanplen?  Wi  Non
10. Sivivan oswa depandan moun ki mouri a: (Gade lòt bò a pou jwenn eksplikasyon yo)

NON	ADRÈS	DAT LI FÈT	RELASYON

**(Tache dokiman ki pwouve relasyon, tankou batistè, papye maryaj, papye adopsyon, elatriye, si genyen)**  
**(GADE EKSPLIKASYON YO NAN LÒT BÒ A)**

**SI OU GEN NENPÒT KESYON SOU FASON POU REKLAME AVANTAJ AKÒZ LANMÒ A, KONTAKTE BIWO KOMISYON KONPANSASYON TRAVAYÈ KI PI PRE OU.**

**11. SI OU SE MADANM/MARI OSWA PITIT MOUN KI MOURI A, ANTRE ENFÔMASYON SA YO SI OU GENYEN YO:**

- a. Ou te marye avèk moun ki mouri a nan dat \_\_\_\_\_ jou \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_  
a \_\_\_\_\_ dapre \_\_\_\_\_ (Tache papyè maryaj la, si ou genyen li).  
(Race) Moun ki Fè Seremoni an
- b. Kantite timoun ki poko gen laj 18 tan nan moman lanmò moun ki mouri a. \_\_\_\_\_
- c. Kantite timoun ki gen omwen laj 18 tan men ki poko gen laj 23 ane, ki enskri epi ale nan nenpòt enstitisyon edikasyon agreye kòm elèv atanplen nan moman lanmò moun ki mouri a. \_\_\_\_\_

**12. SI OU SE MADANM/MARI MOUN KI MOURI A, endike pati pa ou nan avantaj asirans sivivan an, si genyen, w ap resevwa anba Lwa sou Sekirite Sosyal \$ \_\_\_\_\_ (Si li disponib, tache sètifika Rekonpans Sekirite Sosyal ki montre pati avantaj asirans sivivan ou oswa kopi chèk ki montre kantite lajan rekonpans lan.)**

**13. SI OU PA NI MADANM/MARI MOUN KI MOURI A OSWA PITIT MOUN KI MOURI A KI POKO GEN LAJ 18 TAN OSWA KI POKO GEN LAJ 21 ANE EPI KI ENSKRI AK ALE NAN YON ENSTITISYON EDIKASYON AGREYE KÒM ELÈV ATANPLEN, ANTRE ENFÔMASYON SA YO:**

- a. Èske ou te depannde moun ki mouri a pou jwenn tout sipò oswa yon pati sipò? \_\_\_\_\_
- b. Si ou te depannde li pou yon pati sipò, nan ki limit? \_\_\_\_\_
- c. Mwen posede pwopriyete ki endike anba la:  
(1) Byen imobilye, valè estime \$ \_\_\_\_\_, kote mwen resevwa yon revni \$ \_\_\_\_\_  
chak ane epi gen yon dèt \$ sou li \_\_\_\_\_  
(2) Ki lòt sous revni ou genyen? (Bay non chak sous, epi bay kantite lajan ou resevwa nan chak sous ou endike.)  
SOUS KANTITE LAJAN

**14. SI OU SE YON TIMOUN OSWA PITIT-PITIT DEPANDAN, FRÈ DEPANDAN OSWA SÈ DEPANDAN, KI GEN OMWEN LAJ 18 TAN, MEN KI POKO GEN LAJ 21 ANE EPI KI ENSKRI AK ALE NAN YON ENSTITISYON EDIKASYON AGREYE KÒM YON ELÈV ATANPLEN, ANTRE ENFÔMASYON SA YO EPI TACHE SÈTIFIKA PATISIPASYON, SI OU GENYEN, POU ENSTITISYON AN.**

Non Elèv la

Non ak Adrès Enstitisyon Edikasyon

Dat Patipasyon an te Kòmanse

SI YON MOUN FÈ ESPRE OSWA GEN ENTANSYON POU FÈ MÈTDAM PREZANTE, LAKÒZ YO PREZANTE, OSWA PREPARE AVÈK KONESANS OSWA KONVIKSYON POU LI PREZANTE, OSWA POU YON KONPAYI ASIRANS PREZANTE, OSWA POU ASIRANS PA LI PREZANTE NENPÒT ENFÔMASYON KI GEN NENPÒT FO DEKLARASYON ENPÒTAN OSWA SI MOUN NAN KACHE NENPÒT ENFÔMASYON ENPÒTAN, LAJISTIS FÈT POU KONDANE MOUN SA A POU YON KRIM, EPI MOUN SA A KA GEN POU PEYE AMANN AK PASE TAN NAN PRIZON.

Dat \_\_\_\_\_ Moun ki siyen \_\_\_\_\_ (Siyati Moun ki Mande Konpansasyon an) Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_ **OSWA**

Moun ki siyen \_\_\_\_\_ (Yon moun sou non Moun ki Mande Konpansasyon an) (Relasyon) Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

**POU MOUN KI MANDE KONPANSASYON AN**

- A. Dapre Lwa sou Konpansasyon Travayè, men moun ki ka fè yon reklamasyon pou konpansasyon nan yon ka lanmò:
1. Madanm/mari moun ki mouri a;
  2. Pitit moun ki mouri a ki poko gen laj 18 tan nan moman lanmò a;
  3. Timoun nenpòt laj ki avèg nèt oswa ki gen yon andikap fizik nan moman aksidan an, epi ki gen yon enkapasite ki total ak pèmanan;
  4. Pitit-pitit ak frè ak sè moun ki mouri a ki potko gen laj 18 tan nan moman lanmò a epi ki te depannde moun ki mouri a pou tout sipò oswa pou sipò an pati nan moman aksidan an;
  5. Paran ak granparan moun ki mouri a ki te depannde moun ki mouri a pou tout sipò oswa pou sipò an pati nan moman aksidan an;
  6. Pitit moun ki mouri a, pitit-pitit depandan, frè depandan ak sè depandan moun ki mouri a ki poko gen laj 23 ane epi ki enskri ak ale nan yon enstitisyon edikasyon kòm elèv atanplen, kote lanmò a fèt nan dat 1ye janvyè 1978 oswa apre dat sa a.
- B. Madanm/mari ak timoun yo ka fè yon sèl reklamasyon. Chak pitit-pitit depandan, frè, sè, paran oswa granparan dwe fè yon reklamasyon apa.

**Avi Dapre Lwa New York pou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl (Atik 6-A Lwa konsènan Fonksyonè Piblik) ak Lwa Federal 1974 sou Enfòmasyon Prive Seksyon 5 U.S.C.**

Otorite Komisyon Konpansasyon Travayè ("Komisyon an") ki pou mande moun ki fè demann konpansasyon an enfòmasyon sòti nan Seksyon 20 ak 142 Lwa sou Konpansasyon Travayè. Yo pran enfòmasyon sa yo pou ede Komisyon an travay sou reklamasyon yo nan manyè ki efikas, epitou pou ede li konsève dosye egzat sou reklamasyon an.

Komisyon an gen angajman serye pou pwoteje sekrè enfòmasyon tout enfòmasyon pèsonèl li pran yo. Y ap divilge enfòmasyon sa yo anndan ajans lan sèlman ba anplwaye ak ajan Komisyon an pou sèvi responsablite ofisyèl yo. Y ap divilge enfòmasyon pèsonèl yo deyò ajans lan sèlman dapre lwa eta ak lwa federal ki anvigè.

Direktè Operasyon Komisyon an, ki nan adrès 100 Broadway, Menands, New York 12241 (518-474-6674), responsab sitou pou konsève dosye ajans lan ki gen enfòmasyon pèsonèl moun ki mande konpansasyon an.

Si ou pa bay enfòmasyon yo mande nan fòm sa a, sa p ap lakòz ou jwenn refi pou reklamasyon ou, men sa ap bay reta pou travay sou reklamasyon ou. Si ou bay nimewo sekirite sosyal ou avèk volonte ou sa ap pèmèt Komisyon an asire enfòmasyon yo asosye avèk reklamasyon ou, epitou sa ap pèmèt Komisyon an yo pran yon desizyon rapid sou reklamasyon ou.

**NYS Workers' Compensation Board  
Centralized Mailing  
PO Box 5205  
Binghamton, NY 13902-5202**

**Nimewo Sèvis Kliyan pou Rele Gratis: 877-632-4996**